

VZW OSJOSMA

0822 899 795

Molenweg 102

B-3660 Opplabbek

+32 495 51 03 96

info@osjosma.be

www.osjosma.be

bank: IBAN: BE89 8335 6977 0485

BICC: GKCCBEBB



Angajman siyen lè yon moun antre nan asbl OSJOSMA a.

(Deklarasyon sa fè pati entegrant pwosesis ki pèmèt yon moun antre nan asbl OSJOSMA a. Aksepte siyen dokiman sa vle di ke ou aksepte tout sa ki andedan l' yo.)

1. L'asbl OSJOSMA a se yon asosyasyon dwa bèlj, ki te rekonèt sou nimerò 0822 899 795 konsa tout règleman ak tout modifikasyon yo kapab egzamine pa antremiz moun ki responsab pou sa (pouvwa piblik, pròp sit wèb li, prezidan konsèy administrasyon an)

Asbl OSJOSMA a fonksyone selon règleman li yo epi li byen jere kòm sa dwa avèk règleman sa yo.

2. Òfelina OSJOSMA se yon pèsonalite jiridik dwa ayisyen ki rekonèt pa tout pouvwa piblik yo, an pasan pa sèvis kontrol IBESR.

Òfelina OSJOSMA ap fonksyone kòm sa dwa selon konvansyon ayisyèn nan epi ni règleman entèn yo tou. Direksyon an genyen ladan yon komite k'ap dirije pa direktè jeneral la. Direksyon an dwe pran desizyon ki soti nan règleman òfelina OSJOSMA a.

3. Asbl OSJOSMA ak òfelina OSJOSMA pa genyen menm lyen jiridik. Tou de ap travay yon fason ki apa. Patizan asbl OSJOSMA yo ak komite a ki nan direksyon òfelina OSJOSMA a montre yon gro respè yonn pou lòt pandan y'ap anpeche tout move jerans nan tout aktivite yo ni nan desizyon k'ap pran yonn pou lòt. Òfelina OSJOSMA toujou rann kont sans kontrent sou kòman li itilize mwayen finansye oubyen lòt bagay ki te gen a disponiblite l' pa asbl OSJOSMA a.

Asbl OSJOSMA a rekonèt ke lè li mete disponib mwayen finansye, avi oubyen tout lòt èd kèlkanswa sa li te ye a, men sa pa bay li okenn dwa sou kòman jesyon an ap fèt nan òfelina OSJOSMA a.

4. Nan moman vizit nan òfelina OSJOSMA a (ke se vizit de travay oubyen lòt), manm asbl OSJOSMA yo, kèlkeswa fonksyon yo, toujou konpòte yo tankou vizite, yo peye sejou yo, jan komite direksyon òfelina OSJOSMA a prevwa sa epi yo pran swen pou yo pa antre fon nan jesyon an. Tout vizit de travay yo toujou anonse depi avan bay administratè delege a ki soti nan asbl OSJOSMA a epi tou yon rapò vin jwenn li avan menm moman sejou a. Aksepte yon vizit (nenpòt kiyès li ye a) sa se sou responsabilite direksyon òfelina OSJOSMA a.

5. Tout manm OSJOSMA yo gen dwa pou yo bay opinyon pa yo, epi pou sa al diskite andedan ògàn asbl OSJOSMA a. Se devwa administratè delege a, pou li kominike nan direksyon òfelina OSJOSMA a. Pou sa fèt, li kapab mandate pa ekri ak yon twazyèm moun.

Dat :

Non :

Siyati :